# Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparının` funktsiyalıq wazıypaları haqqında

# REJE

**1-bap. Ulıwma qag`ıydalar**

1. Usı Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Sho`lkemlestiriw qadag`alaw toparının` (keyingi orınlarda topar dep ataladı) wazıypaların, funktsiyaların, huqıqların ha`m juwapkershiligin belgileydi.

2. Topar o`z jumısında O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstituttsiyaları ha`m nızamlarına, «Jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikasının` Nızamına, O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` basqa da nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanlarına, qararları menen biyliklerine, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qaraları menen biyliklerine, basqa da nızam hu`jjetlerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` hu`jjetlerine, sonday-aq, usı Rejege a`mel etedi.

3. Topar o`z jumısın Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` basshılıg`ında a`melge asıradı.

4. Topar o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlawda O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatının` tiyisli xızmetleri, Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` ko`rsetpesine tiykarlanıp ha`m qalalar menen rayonlardın`, sonday-aq, ma`mlekettin` basqa da uyımları ja`ne basqa sho`lkemler menen o`z-ara birge islese otırıp, a`melge asıradı.

**2-bap. Topardın` wazıypaları ha`m funktsiyaları**

5. To`mendegiler topardın` wazıypaları bolıp tabıladı:

Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyalarında, O`zbekstan Respublikasının` «Jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat haqqında»g`ı Nızmında ha`m O`zbekistan Respublikasının` basqada nızamlarında, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` pa`rmanlarında, qararları menen biyliklerinde, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qararları menen biyliklerinde, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararları menen biyliklerinde, basqa da hu`jjetlerde belgilengen wa`killiklerdin` a`melge asırılıwın ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler menen birgelikte ta`miyinlew;

Ministrler Ken`esinin` basqarma, sekretariat, toparlar menen bo`limleri, Ministrler Ken`esinin` quramındag`ı ministrlikler menen vedomstvolar, rayon (qala) ha`kimlikleri ta`repinen atqarıw ta`rtibine muwapıq jumıs alıp barıwın qadag`alaydı;

ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler ta`repinen O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamları, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` hu`jjetleri menen tapsırmaları, Ministrler Kabinetinin` qararları, biylikleri menen tapsırmaları, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esi Baslıqlarının` hu`jjetlerinin` orınlaw halatın u`yreniw ha`m qadag`alaw ilajların a`melge asıradı;

belgilengen ta`rtipte Ministrler Ken`esi is rejesinin` joybarın qa`liplestiredi, onın` orınlanıwı boyınsha qadag`alawdı alıp baradı;

basqarıw apparatı basshıları menen qa`nigelerin qayta tayarlaw, olardın` mamanlıg`ın arttırıw, xoshametlew ha`m olarg`a qarata ta`rtiplik jaza sharaların qollanıw haqqındag`ı usınıslardı Miistrler Ken`esi baslıg`ı ko`rip shıg`ıwı ushın belgilengen ta`rtipte kirgizedi;

Ministrler Ken`esinin` namenklaturasına kirgizilgen lawazımlar nomenklaturasına muwapıq kadrlardı tan`law, ornı-ornına qoyıw, qa`nigelerdi tayınlaw ha`m lawazımınan azat etiw ilajların a`melge asıradı, ko`rip shıg`ılıp atırg`an talabanlardı ha`r ta`repleme u`reniwdi ha`m olar boyınsha isenimli materiallar tayarlanıwın ta`miyinleydi;

Ministrler Kabinetinin` quramındag`ı ministrlikler menen vedomstvolardan, rayon (qala) ha`kimliklerinen sho`lkemlestiriw-qadag`alaw kadrlar ma`selelerine baylanıslı za`ru`r hu`jjetlerdi talap etip alıw, olardan nusqa alıw, kadrlar ma`selesi (rotatsiya) boyınsha olarg`a usınıs kirgizedi, usınıslar tayarlaydı;

Ministrler Ken`esinin` namenklaturusına kirgizilgen lawazımlar nomenklaturasın jan`alap baradı, vakant basshılıq lawazımlarg`a talabanlardı belgilengen ta`rtipte usınıs etedi;

keleshekte ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri, jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat uyımlarının` basshı lawazımlarına ko`teriw ushın basqarıw kadrları rezervin jetilistiriw jumısların sho`lkemlestiredi;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları aymaqlıq bo`limlerinin`, jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat uyımlarının` basqarıw kadrları jumısının` sistemalı monitorningin alıp baradı;

basqarıw kadrların esapqa alıw, olardın` jeke hu`jjetlerdi jıynap baratug`ın tomların jetilistiriw ha`m alıp barıw jumısların sho`lkemlestiredi;

rezervke kirgizilgen basqarıw kadrlarının` ka`siplik bilimlerin turaqlı jetilistiriw, mamanlıg`ın arttırıw ha`m olardı qayta tayarlaw protsesin sho`lkemlestiredi;

Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbasarları menen birgelikte Ministrler Ken`esi apparatına kadrlardı lawazımg`a tayınlaw ha`m lawazımnan azat etiw boyınsha usınıslar tayarlaydı;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları aymaqlıq bo`limlerinin`, jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat uyımlarının` basqarıw kadrları ha`m olardın` rezervi haqqındag`ı mag`lıwmatlar bazasın jetilistiriwdi ha`m turaqlı jan`alap barıwdı ta`miyinleydi.

ma`mleketlik sıylıqlarg`a usınıwg`a baylanıslı hu`jjetlerdi ra`smiylestiredi ha`m usınıslar tayarlaydı;

sho`lkemlestiriw-qadag`alaw ha`m kadrlar ma`seleleri boyınsha Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararları ha`m basqa da hu`jjetlerinin` joybarların tayarlaydı, o`z wa`killigine tiyisli bolg`an Minisrler Ken`esi Baslıg`ının` basshılıg`ında o`tkeriletug`ın ma`jilislerdi, ushırasıwlar menen basqa da ilajlardı sho`lkemlestiriw ilajların ko`redi;

O`zbekstan Respublikası Prezidenti, Nızamshılıq palatası ha`m xalıq deputatları jergilikli Ken`esleri deputatları saylawların, O`zbekistan Respublikası referendumların sho`lkemlestiriw ha`m o`tkeriw boyınsha tiyisli saylaw komissiyalarına ja`rdem ko`rsetedi;

Topar basshısı Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ı tiykarında O`zbekistan Respublikası Prezidenti Apparatı, Oliy Majlis palataları, Ministrler Kabineti apparatı, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen o`z-ara birge islesedi.

Usı Nızamg`a ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararları menen protokotollarına muwapıq basqa da wa`killiklerdi a`melge asıradı.

6. Topar o`zine ju`klengen wazıypalardı orınlaw ushın to`mendegi funktsiyalardı a`melge asıradı:

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyaları, «Jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat haqqında»g`ı O`zbekistan Respublikasının` Nızamı, O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` basqa da nızamları, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` hu`jjetleri menen tapsırmaları, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esinin` qararları ha`m tapsırmaları menen ju`klengen wazıypalardı orınlaw boyınsha anıq ilajlardı islep shıg`adı ha`m a`melge asıradı;

Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` regiondı sotsiallıq-ekonomikalıq rawajladırıwdın` a`hmiyetli ha`m tiykarg`ı ma`seleleri boyınsha esabı xalıq deputatları Qaraqalpaqstan Respublikası Ken`esi ta`repinen sho`lkemlestiriliwinde tarawg`a baylanıslı materiallardı tayarlaydı;

Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` is rejesine sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparı bag`darı boyınsha ma`selelerge baylanıslı usınıslardı kirgizedi;

fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslardın` mu`ra`jatların «Fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslardın` mu`ra`jatları haqqında»g`ı O`zbekistan Respublikası Nızamına muwapıq ko`rip shıg`adı;

Ministrler Ken`esinde atqarıw ta`rbinin` talap da`rejesinde a`melge asırılıwın qadag`alaydı ha`m a`melge asırılg`an jumıslar haqqında Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına mag`lıwmat kirgizip baradı;

Ministrler Ken`esinin` jumısı haqqında ja`miyetshilikti belgilengen ta`rtipte xabardar etiwdi sho`lkemlestiredi;

Topar nızam hu`jjetlerine muwapıq basqa da funktsiyalardı orınlaydı.

**3-bap. Topardın` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

7. Topar o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw ushın to`mendegi huqıqlarg`a iye:

Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi talqılaw ha`m islep shıg`ıw ushın za`ru`r bolg`an materialllar menen mag`lıwmatlardı ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerinen, qalalar ha`m rayon ha`kimliklerinen, basqa da sho`lkemlerden belgilengen ta`rtipte soraw ha`m alıw;

za`ru`rlik bolg`anda, Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi islep shıg`ıw, ma`limleme ha`m talqılang`an materiallardı, sonday-aq, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` hu`jjetleri joybarların tayarlaw ushın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri, qalalar menen rayonlar ha`kimliklerinin` basshıların ha`m xızmetkerlerin mira`t etiw, usı maqsetler ushın waqtınsha ekspert toparların sho`lkemlestiriw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerinen, qalalar menen rayonlar ha`kimliklerinen, basqa da sho`lkemlerden Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` hu`jjetleri ha`m qararları joybarların puqta qayta islewdi belgilengen ta`rtipte talap etiw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerine, qalalar ha`m rayonlar ha`kimliklerine, basqa da sho`lkemlerdin` basshılarına operativlik penen sheshiwdi talap etetug`ın ha`m basqarıw apparatına ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlawg`a baylanıslı bolg`an ma`seleler boyınsha begilengen ta`rtipte tapsırmalar beriw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerinin`, qalalar menen rayonlar ha`kimliklerinin`, basqa da sho`lkemlerdin` normativlik-huqıqıy ha`m basqa da hu`jjetlerdin`, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` hu`jjetleri menen tapsırmaları, onın` orınbasarları tapsırmalarının` orınlanıwı boyınsha jumıslardı belgilengen ta`rtipte u`yreniw.

8. Topar:

o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardın` sapalı ha`m o`z waqtında orınlanıwı;

O`zbekstan Respublikası Prezidenti, Oliy Majlis palataları ha`m Ministrler Kabinetinin` hu`jjetleri menen tapsırmalarına, Prezident Apparatı, sonday-aq, Oliy Majlis palataları apparatları ja`ne Miistrler Kabineti Apparatı, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq usınıslar menen hu`jjetlerdin` joybarları ha`r ta`repleme ha`m o`z waqtında tayarlanıwın talap etiw;

sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw tendentsiyalarının`, ekonomika tarmaqları menen tarawlarında ekonomikalıq reformalar a`melge asırılıwının` sistemalı monitoringi alıp barılıwı, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` ko`rip shıg`ıwın ha`m qarar qabıl etiwin talap etetug`ın mashqalalı

ma`selelerdin` kelip shıg`ıw sebeplerin o`z waqtında anıqlawı ha`m usınıslar tayarlawı;

ma`mleketlik uyımlar menen basqa da sho`lkemler ta`repinen Ministrler Ken`esine kirgiziletug`ın usınıslar menen hu`jjetlerdin` sapalı ha`m o`z waqtınd islep shıg`ılıwının` sho`lkemlestiriliwi, olardın` ekonomikalıq, qarjı ha`m huqıqıy ekspertizadan o`tkeriliwi, sonday-aq, tiykarlang`an sheshimler tayarlanıwı;

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatına, Oliy Majlis Palatalarına ha`m Ministrler Kabinetine, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esine ko`rip shıg`ıw ushın kirgiziletug`ın hu`jjetler menen usınıslar joybarların islep shıg`ıwdın` ha`m eskpertizadan o`tkeriwdin` sapası, sonday-aq, kirgizilgen joybarlar menen qabıl etilgen qararlar a`melge asırılıwının` sotsiallıq-ekonomikalıq aqıbetleri;

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1999-jıl 12-yanvar`dag`ı «Atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajları haqqında»g`ı 12-sanlı qararına muwapıq atqarıw ta`rtibinin` ta`miyinleniwin qadag`alaw;

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti pa`rmanlarının`, qararları menen biyliklerinin`, Oliy Majlis palataları qararları menen tapsırmalarının`, Ministrler Kabineti qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, Miistrler Ken`esi Baslıg`ı ha`m onın` orınbasarları tapsırmalarının` ma`mleketlik uyımlar menen basqa da sho`lkemler ta`repinen orınlanıw halatın u`yrenip baradı.

**4-bap. Topardın` strukturası**

**9. Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparı strukturasına topar basshısı, bas qa`nigesi, jetekshi qa`nigesi ha`m 1-kategoriyalı qa`nigeler kiredi.**

Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparının` strukturası Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi ta`repinen tastıyıqlanadı.

10. Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparının` jumısları usı Rejege muwapıq sho`lkemlestiriledi.

11. Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparı o`z jumısında Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esine boysınadı.

Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen kelisilgen halda Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararı menen lawazımg`a tayınlanadı ha`m lawazımnan azat etiledi.

**5-bap. Topardın` jumısın sho`lkemlestiriw**

**12. Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparının` jumısları O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyalarına, «Jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikasının` Nızamına, O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` basqa da nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` hu`jjetleri menen tapsırmalarına, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qararlarına, biylikleri menen tapsırmalarına, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq, sonday-aq, Ministrler Ken`esinin` is rejesi tiykarında sho`lkemlestiriledi.**

13. Topar basshısı:

Toparg`a tikkeley basshılıq etedi, o`z qa`nigelerinin` jumısların sho`lkemlestiredi ha`m sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparına usı Rejede belgilengen ha`m ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardın` orınlanıwı boyınsha jeke juwap beredi;

kirgizilgen usınıslar menen hu`jjetler joybarların ko`rip shıg`ıwda ma`mleketlik printsiplerge qatan` a`mel etiliwin ta`miyinleydi, olardın` ekspert jag`ınan islep shıg`ılıwın sho`lkemlestiredi ha`m tayarlang`an hu`jjetlerdin` joybarlarına viza qoyadı. Tiyisli hu`jjetler qabıl etilgennen son` olardın` orınlanıwı boyınsha sistemalı qadag`alawdı ta`miyinleydi;

tastıyıqlang`an strukturag`a ha`m shtatlar dizimine muwapıq lawazımg`a usınıs etilip atırg`an talabanlardın`, qa`nigelerdin` ka`siplik da`rejesin ha`m mamanlıg`ın arttırıw, olardı xoshametlew ha`m olarg`a jaza sharaların ko`riw boyınsha usınıslardı puqta islep shıg`adı ha`m kirgizedi;

qa`nigeler arasında wazıypalardın` bo`listiriliwin, sonday-aq, bo`limnin` yarım jıllıq is rejesi joybarın islep shıg`adı ha`m tastıyıqlawg`a kirgizedi, qa`nigelerdin` is rejelerin tastıyıqlaydı;

Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ı yaki onın` orınbasarı o`tkeretug`ın ma`jilislerde, sonın` ishinde, ha`r ha`ptelik apparat ma`jilislerinde ha`m komissiyalar ma`jilislerinde, sonday-aq sekretariyattın` jumıs alıp barıw tarawına kiretug`ın ma`seleler boyınsha o`tkeriletug`ın basqa da ma`jilislerde qatnasadı;

jumıs islewdin` belgilengen ta`rtipte alıp barılıwın ta`miyinleydi, shıg`ıs xatlarg`a qol qoyadı.

14. Sho`lkemlestiriw-qadag`alaw toparının` bas qa`nigesi, jetekshi qa`nigesi, 1-kategoriyalı qa`nigeleri:

Tikkeley topar baslıg`ının` basshılıg`ında jumıs alıp baradı;

funktsiyalıq wazıypalarg`a muwapıq usınıslar menen hu`jjetler joybarlarının` sapalı islep shıg`ılıwı, isenimliligi ha`m o`z waqtında tayarlanıwı ja`ne funktsiyalıq wazıypalarg`a muwapıq tapsırmalardın` ha`m qabıl etilgen hu`jjetlerdin` orınlanıwı boyınsha qadag`alawdın` ta`miyinleniwi

ushın jeke juwap beredi;

tiyisli ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler ta`repinen kirgizilgen usınıslardı ha`m hu`jjetler joybarların ha`r ta`repleme talqılaydı, olar boyınsha talqılang`an materialllardı ha`m ekspert usınıslardı tayarlaydı, sonday-aq, olardın` nızam hu`jjetlerinde belgilengen ta`rtipte za`ru`r tu`rde kelisiwin ta`miyinleydi;

qabıl etilgen hu`jjetler boyınsha qadag`alaw rejesin yaki sho`lkemlestiriw ilajların islep shıg`adı ha`m belgilengen ta`rtipte tastıyıqlaw ushın kirgizedi, ekonomikanın` tiyisli tarmaqları menen tarawları boyınsha – O`zbekstan Respublikası Nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlis palataları qararlarının`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti hu`jjetleri menen tapsırmalarının`, O`zbekstan Respublikası Miistrler Kabineti qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, Ministrler Ken`esi Baslıg`ı hu`jjetlerinin` orınlanıwın talqılaydı;

tiyisli funktsiyalıq ma`seleler ha`m hu`jjetler boyınsha sistemalastırılg`an mag`lıwmatlar bazasının` qa`liplestiriliwin ha`m alıp barılıwın, onın` turaqlı tu`rde jan`alanıwın sho`lkemlestiredi;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` tiyisli aymaqlıq bo`limleri, qalalar ha`m rayonlar ha`kimlikleri apparatlarının` strukturalıq bo`limleri (ekonomikalıq, qarjı ha`m huqıqıy xızmetler) jumıslarının` halatın ha`m na`tiyjeliligin turaqlı tu`rde u`yrenedi, olardın` jumıs na`tiyjeliligin arttırıw boyınsha usınıslar kirgizedi;

tiyisli bo`limler haqqındag`ı nızamg`a ha`m funktsiyalıq wazıypalarg`a muwapıq basqa da funktsiyalardı a`melge asıradı.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*